

Kalite twoub nan lekti

Otè a se Gretchen Vierstra, MA

Nou fè patenaraya ak [Understood.org](https://www.understood.org) pou nou founi edikatè ak fanmi yo resous ke ekspè verifye e ki fonde sou done ki pwouve konsènan diferans ki genyen nan aprantisaj.

Twoub nan lekti — ke yo rele tou andikap nan lekti — se andikap aprantisaj espesifik ki rann lekti difisil. Kalite twoub nan lekti yo plis konnen an se **disleks**i. Men se pa tout twoub nan lekti ki se disleksi.

Moun ki gen yon twoub nan lekti abityèlman gen difikilte nan youn, de, oswa toulèwa domèn anba la yo:

- Presizyon nan lekti mo
- Konpreyansyon lekti
- Fasilite nan lekti

Men kèk enfòmasyon anplis sou diferan kalite twoub nan lekti.

1. Pwoblèm ak presizyon nan lekti mo yo

Moun ki gen pwoblèm ak presizyon nan lekti mo yo gen difikilte pou dekonpoze son lang yo pale a. Yo ka gen difikilte tou pou asosye son sa yo ak senbòl ekri. Yo rele sa **konsyans fonolojik**.

Pwoblèm ak presizyon nan lekti mo yo fè li pi difisil pou fè son oswa **“dekòde” mo yo**. Sa fè li difisil pou li byen e ak presizyon.

Lè moun pale jeneralman sou disleksi, yo souvan ap panse a pwoblèm ak presizyon nan lekti mo.

2. Difikilte avèk konpreyansyon lekti

Konpreyansyon lekti vle di konprann sa yo te li a. Moun ki gen difikilte ak konpreyansyon lekti ka gen difikilte ak:

- Siyifikasyon mo
- Fè asosyasyon enfòmasyon yo
- Siveyans konpreyansyon yo
- Fè dediksyon
- Sonje sa yo te li

Defi ak presizyon lekti mo souvan sipèpoze ak pwoblèm konpreyansyon lekti. Men, gen kèk moun ki gen difikilte ak konpreyansyon lekti ki pa gen okenn pwoblèm pou dekode mo yo — yo jis pa konprann sa yo te li a.

Gen kèk moun ki gen difikilte ak konpreyansyon lekti ki ka gen difikilte ki gen rapò ak sila yo. Pa egzanp, yo ka gen yon **twoub langaj**, ki ka gen enpak sou fason moun itilize ak trete langaj. Oswa yo ka gen **pwoblèm ak memwa travay la**, ki ka rann li difisil pou sonje sa yo te li a.

3. Difikilte avèk fasilite nan lekti

Fasilite nan lekti vle di li avèk vitès, presizyon, ak ekspresyon ki kòrèk la. Vitès lekti, ki rele tou to lekti a, se kantite mo yon moun ka li kòrèkteman pou chak minit. Lektè ki abil yo kapab li avèk presizyon nan yon bon vitès. Lè yo li awotwa, yo fè li nan yon fason ki montre yo konprann estrikti fraz la ak ponktiyasyon an.

Moun ki gen pwoblèm pou yo li fasil yo pran plis tan pase lòt moun pou yo li mo yo avèk presizyon epi pou konprann siyifikasyon yo. Yo ka li tou awotwa san ekspresyon.

Anpil moun ki gen disleksi gen pwoblèm pou yo li ak fasilite. Pwoblèm ak fasilite nan lekti kapab tou gen rapò ak lantè **vitès tretman**.

Twoub nan lekti afekte aprantisaj, men yo pa yon pwoblèm entèlijans. Moun ki gen twoub nan lekti yo entèlijan menm jan ak kanmarad yo.

Epi se pa tout difikilte pou fè lekti ki gen pou kòz yon twoub nan lekti. Pa egzanp, pwoblèm konsantrasyon ka fè li difisil pou konsantre pou fè lekti. Pwoblèm vizyon yo ka rann sa difisil pou swiv mo yo.

Aprann plis sou [sa ki ka lakòz difikilte nan lekti](#).

Otè a

Gretchen Vierstra, MA, se redaktè anchèf nan Understood ak ko-animatè podcast “In It” la. Li se yon ansyen edikatè ki gen eksperyans nan ansèyman ak konsepsyon pwogram nan lekòl, òganizasyon, ak espas aprantisaj sou entènèt.

Revizè a

Ellen Braaten, PhD, se direktè LEAP (Pwogram Aprantisaj ak Evalyasyon Emosyonèl) nan Massachusetts General Hospital (Lopital Jeneral nan Massachusetts).